

Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN ESPESYALIS PREMYE PLAN NAN SEKIRITE ANLIY KI VIN FÈ PATI KOMITE KONSILTATIF NEW YORK LA SOU SEKIRITE ANLIY EPI LI MANDE POU YO RENOUVLE FÒ YO POU SEKIRIZE ELEKSYON YO NAN ETA NEW YORK

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen espesyalis premye plan nan sekirite anliy ki vin fè pati Komite Konsiltatif sou Sekirite Anliy li an (Cyber Security Advisory Board), pou pwoteje New York pi byen alavans eleksyon kritik yo an 2020. Anplis de sa, Gouvènè Cuomo te mande Komite a pou li evalye menas kont sekirite ak entegrite eleksyon nou yo epi pou li rekòmande mezi pou ranfòse sekirite eleksyon an.

"Nou dwe fè fas a nouvo reyalite nou an: trafikaj eleksyon kounye a se youn nan pi gran menas kont demokrasi nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Kòm pa gen lidèchip nan nivo federal la, li pi nesèsè kounye a pou New York pran devan nan sekirite eleksyon. Mwen swete labyenveni a nouvo manm komite sa yo ki pral ranfòse pwoteksyon sekirite anliy ki genyen deja yo epi ede kenbe entegrite nan pwosesis elektoral New York la."

An 2013, Gouvènè Cuomo te kreye [Komite Konsiltatif sou Sekirite Anliy](#) nan, pou garanti Eta a pa janm sispann anplwaye estrateji dènye kri pou pwoteje moun New York kont menas sou entènèt. Konsèy la gen ladan ekspè sou zafè sibèsekirite, ki rekoni toupatou nan lemonn, e yo sèvi de konseye pou administrasyon an e fè rekòmandasyon pou pwoteje enfrastrikti ak sistèm enfòmasyon enpòtan eta a. Nouvo manm yo nonmen nan komite a gen pami yo espesyalis klas mondyal nan sekirite anliy ak sekirite elektoral.

Rekòmandasyon anplis sa yo pral ajoute sou amelyorasyon Gouvènè a te reyisi pote yo nan enfrastrikti elektoral la an 2018 ak 2019. Pami mezi ki te la deja yo gen yon Sistèm Deteksyon Envazyon (Intrusion Detection System) ak Sèvis Sekirite Jere (Managed Security Services) ki kounye a anplas pou pwoteje Konsèy Elektoral Konte yo (County Boards of Election) ak lòt sistèm enfòmasyon nan konte yo, evalyasyon risk konplè Konsèy Elektoral Eta a ap fè, ak 5 milyon dola pou amelyorasyon nan sekirite anliy. Anplis de sa, Ekip Entèkansyon nan Ka Ensidan Anliy (Cyber Incident Response Team) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) ak Sant Eleksyon Sekirize (Secure Election Center) Konsèy Eta a (State Board) ap ofri asistans endividyalize pou konte yo pou ede sekirize sistèm yo epi ede nan entèkansyon an lè gen ensidan ki rive.

Devan menas enjerans etranje a ki toujou la, yon fwa ankò Gouvènè a ap mande Komite Konsiltatif la pou li egzamine pwogram ak biwo sekirite anliy New York genyen yo kounye a pou fè rekòmandasyon ki pral amelyore sekirite ak rezistans New York.

Komite a gen nan tèt li Ko-Prezidan Linda Lacewell, Sirentandan Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services, DFS) New York la; Jeremy Shockett, Sekretè Adjwen pou Sekirite Piblik New York la; ak William Pelgrin, Prezidan-Direktè Jeneral ak ko-fondatè, CyberWA, Inc. Nouvo manm yo nan komite a se:

- **Luke Dembosky:** Mesye Dembosky se yon asosye nan kabinè avoka Debevoise Plimpton, kote li se Ko-Prezidan kabinè Sekirite Anliy ak Konfidansyalite Done a ak yon manm nan Gwoup Defans Ka Krim Kòl Blan ak Règlemantasyon an (White Collar & Regulatory Defense Group). Anvan sa Mesye Dembosky te sèvi kòm avoka gouvènman federal la, pi dènyèman kòm Sibstiti Adjwen Sekretè Jistis la pou Sekirite Nasyonal nan Depatman Ameriken Jistis la (U.S. Department of Justice) kote li te sipèvize tout ka nasyonal sekirite anliy yo.
- **Eric Freidberg:** Mesye Friedberg gen yon eksperyans 30 lane dwa nan sektè piblik ak prive yo, entèvansyon nan ka ensidan anliy, administrasyon anliy, sekirite teknoloji enfòmasyon, syans jidisyè, investigasyon, ak investigasyon enfòmatic. Li se Ko-Prezidan nan Stroz Friedberg, yon konpayi sèvis konsiltasyon ak teknik anliy Aon te achte an 2016, epi nan Solisyon Anliy (Cyber Solutions) Aon yo, divizyon jesyon risk anliy li an.
- **Justin Herring:** Mesye Herring se Sirentandan Adjwen Egzekitif Divizyon Sekirite Anliy nan Depatman Sèvis Finansye New York la, kote li sipèvize règlemantasyon sekirite anliy Depatman an pou endistri finansye a. Li te sèvi anvan sa kòm avoka gouvènman prensipal nan zafè krim anliy nan Depatman Lajistis la (Department of Justice).
- **Erez Liebermann:** Mesye Liebermann te sèvi pandan dis lane kòm avoka gouvènman nan Depatman Lajistis la, kote li te nan tèt pouwit kriminèl anliy ak kòl blan. Kounye a li se Konseye Anchèf, Sekirite ak Konfidansyalite (Cybersecurity and Privacy); ak Vis-Prezidan, Dwa Règlemantè, nan Prudential Financial. La li te fòme youn nan premye ekip jidisyè pou sekirite anliy ak konfidansyalite nan yon konpayi Fortune 500 epi li sipèvize investigasyon anliy. Li te yon enjènyè ayewospasyal anvan l al nan lekòl dwa.
- **Debora Plunkett:** Madan Plunkett te sèvi pandan plizyè dizèn lane nan Ajans Sekirite Nasyonal la (National Security Agency, NSA), kote li te Konseye Prensipal Direktè NSA a ak Direktè Asirans Enfòmasyon. Li se Direktè Plunkett Associates, yon biznis konsèy sou sekirite anliy. Depi 2016, Madan Plunkett se Atache Siperyè nan Pwojè Demokrasi Nimerik la (Digital Democracy Project), ke Sant Belfer pou Syans ak Afè Entènasyonal la (Belfer Center for Science and International Affairs) nan Lekòl Gouvènman Kennedy (Kennedy School of Government) Harvard la te lanse, ap bay konsèy sou sekirite nan kanpay yo.

Gouvènè Cuomo pran lòt mezi enpòtan pou pwoteje enfòmasyon sansib Nouyòkè yo. An Jiyè, li te ratifye lwa Sispann Pirataj epi Amelyore Sekirite Done Elektwonik yo (Stop Hacks and Improve Electronic Data Security) - oswa lwa SHIELD la pou pwoteje Nouyòkè yo kont enfraksyon sekirite. Lwa a enpòze pi gwo obligasyon sou biznis k ap okipe done prive yo pou yo bay konsomatè ki viktim yo avètisman kòm sadwa lè gen yon enfraksyon sekirite. Gouvènè a te siyen tou pwojè lwa ki ap egziye ajans rapò kredi

konsomatè yo ofri sèvis prevansyon ak rediksyon vòl idantite yo pou konsomatè ki te viktim yon vyolasyon sekirite sistèm ajans lan.

An Me, Depatman Sèvis Finansye Eta New York la te vin premye otorite règlemantasyon bank oswa asirans nan nasyon an ki te tabli yon Divizyon Sekirite Anliy pou pwoteje konsomatè yo ak endistri yo kont menas anliy. An Fevriye 2017, Gouvènè Cuomo te anonse DFS te pwomilge premye règlemantasyon sou sekirite anliy nan nasyon an pou pwoteje endistri sèvis finansye a ak konsomatè yo nan New York kont menas deplizanpli gran atak anliy yo. Règleman DFS yo an vigè nèt kounye a pou endistri finansye a, epi li te sèvi kòm modèl pou règlemantasyon sekirite anliy lòt otorite règlemantasyon - tankou paregzanp Lwa sou Modèl Sekirite (Data Security Model Law) Komisè Asosyasyon Nasyonal Asirans la (National Association of Insurance) ak amannman nan Règ Pwoteksyon (Safeguards Rule) Komisyon Federal Komès la (Federal Trade Commission) te pwopoze yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)